

Limye Pou Lekol La

Janvyè/Fevriye 2013

Lavi oubyen Lanmò?

—Keith Koller

Briskeman gwo bato yo rele *Titanik* la te kanpe sèk.

Youn nan maren yo te rele byen fò : « Ayisbèg! » Bato a te fè yon gwo bri lè li te frape ak glas la. Anpil moun t'ap kouri monte desann sou bato a.

Edwina MacKenzie t'ap di nan tèt li : *Èske mwen dwe rete nan bato a oubyen pran yon kannòt sovtaaj ?* Kèk pasajè te panse y' ap sove si yo rete sou bato a paske li pat' sipoze koule nan dlo a. Konsa kèk nan yo te chwazi rete. Edwina te monte nan yon kannòt sovtaaj ansanm avèk kèk lòt moun. Pandan ti kannòt la t'ap kouri kite gwo bato a, Edwina te gade avèk perèz *Titanik* la ki t'ap koule nan lanmè.

Aprè li te sove, Edwina te di : « Chak ranje limyè t'ap desann pi ba nan dlo a tanzantan jisake yo tout te diparèt, e rèl moun ki t'ap mouri yo t'ap vin pi tèrib e pi tèrib pase nenpòt sirèn ! Tout moun ki te rete nan bato a te mouri! »

Prèske 1600 moun te pèdi lavi yo lè *Titanik* te koule. Sèlman 750 moun ki te gen chans pou monte sou kannòt sovtaaj te sove.

Edwina te viv plis pase katrevendizan, epi li pat' janm regrèt desizyon li an, malgre pi fò moun te fè yon lòt desizyon.

Jezi te avèti tout moun pou « Antre nan pòt ki jis la. Paske, pòt ki laj la, chemen ki fasil la ap mennen nou tou dwat nan lanmò. Gen anpil moun ki pase ladan li. Men, pòt ki jis la, chemen ki difisil la ap mennen nou tou dwat nan lavi. Pa gen anpil moun ki jwenn li » (Matye 7 :13, 14).


Moun yo ki te mouri nan *Titanik* la te konnen te genyen kannòt sovtaaj, men yo pa t' vle kite bato ki t'ap koule a pou antre nan kannòt sovtaaj la – konsa yo te mouri. Anpil moun di yo se kreyen men yo toujou rete atache avèk bato k'ap koule a – « lemonn ».

Yo konnen konsènan Jezi Kris. Petèt yo te menm batize pou vinn manm legliz. Men yo pa t' janm vrèman repanti

e mete konfyans yo nan Jezi pou sove yo. Yo pa deside mete pye yo nan « Kannòt Sovataj » ki kapab delivre yo anba lanmò. Olye yo mete lafwa yo nan Jezi Kris, yon Sovè vivan, yo pito mete konfyans yo nan bato k'ap koule a. E y'ap nwaye ! Yo p'ap janm wè syèl la paske yo te deside mache ak pi fò moun yo.

Lè kèk moun te kite *Titanik* la pou antre nan kannòt sovtaaj yo, yo te anbake yo sou yon lòt bato. Yo te vle ale lwen paske si yo te rete toupre *Titanik* la, mouvman *Titanik* la te kreye lè li t'ap koule a ta rale yo e koule yo tou. Konsa lè mwen te anbake sou bato lavi kreyen an, mwen te bezwen ale lwen lemonn, ki genyen majorite moun. Mwen se yon etranje e yon vwayajè nan lemonn (1 Pyè 2 : 9, 11).

« Men nou menm, nou se yon ras Bondye chwazi, yon bann prèt k'ap sèvi Wa a, yon nasyon k'ap viv apa pou Bondye, yon pèp Li achte. Li fè tou sa pou n' te ka fè tout moun konnen bèl bagay Bondye te fè yo, Bondye ki rele nou soti nan fènwa a pou nou antre nan bèl limyè Li a » (1 Pyè 2: 9). Apèl sa a mande nou viv nan chemen etwat Jezi Kri a. Li pa yon chemen san kè kontan. Men li se yon kote ki genyen lwanj ak limyè mèveye, gen lajwa ak lapè !



Si mwen ta twò atache avèk ansyen lavi a ki pa fè Bondye plezi, mwen kapab tounen nan dlo glase touman, enkyetid ak mekontantman an. Lè mwen kanpe devan twòn jijman Kris, mwen kapab jwenn mwen te pèdi tout bagay.

Pral gen lòt moun kanpe devan twòn nan tou. Kèk nan yo va antoure avèk trezò yo te voye davans nan Syèl la. Yo va gen yon etènite ak lajwa pou jwi trezò sa yo.

Pandan yo nan « Kannòt Sovtaj » la nan monn sa a, yo te konsole ak ede lòt pandan yo t'ap navige nan lanmè a ki twouble. Yo te klere limyè briyan yo nan fènwa pou rale lòt mennen nan sekirite. Yo te lonje men e rale lòt soti nan

dezespwa yo, soti nan eta pèdi. Yo pa t' pè avanse nan dlo fon avèk Sovè yo.

Mwen dwe pran desizyon enpòtan pandan m'ap kouri nan kous lavi kout sa a – yon zafè lavi oubyen lanmò. Èske mwen va kontinye bay Kris lavi mwen ? Èske mwen va viv pou Li ?

Bato a ap koule vit, « Jodi a si ou tande vwa Li, pa fè rèd nan kè nou » (Ebre 3 : 15).

Atik sa a soti nan Companions, April 2012
Part 2, Vol. 39, No. 8
Christian Light Publications Inc.
Itilize avèk pèmision

Ale pi Lwen Liv la

–Melvin Burkholder

Bib la se yon liv e yo dwe li li kòm yon liv. Nou kapab li yon liv pou enstwi nou, e Bib la genyen anpil enfòmasyon istorik ak anpil sa jès pou lavi nou. Nou kapab li yon liv paske istwa li yo bèl anpil, e andedan Bib la genyen kèk nan pi gran tèms literè nan lemonn. Nou kapab li yon liv pou fè tèt nou plezi, e Bib la gen anpil istwa entèresan ni timoun e ni granmoun renmen.

Tou sa gen valè, poutan sa pa sifi ; paske menmsi Bib la se yon liv, li plis pase yon liv : li se Pawòl Bondye. Li se lèt Jezi Kris ap voye bay fyanse Li. Pa gen okenn fyanse ki ta li lèt fyanse li sèlman paske li renmen li, men l'ap li lèt la paske li renmen tande nouvel cheri li a.

Se menm jan an tou, nou dwe li Bib nou, pa senpleman kòm yon liv tèks sou kondwit konvenab oubyen yon literati klasik, men kòm Pawòl yon Senyè vivan ki renmen nou anpil. Pwoblèm nou se paske nou gen tandans panse Senyè a te pale anpil ane pase ak pwofèt yo ; apre sa Li pa pale ankò depi 2 mil ane. Lè nou li Bib la konsa, se kòm si n'ap li yon ansyen jounal ki nan yon sans entèresan, men pa vrèman sanble ka fè anyen pou nou jodi a.

Sa se yon gwo erè. Senyè Jezi reyèl, vivan e plen lamou jodi a menm jan ak lè Li te mache sou latè. Lekti Biblik devosyon nou pa dwe sèlman sanble pou nou se li nap li yon ansyen liv, malgre se pi bon pase tout liv. Li dwe yon rankont avèk Sila a ki renmen nou jodi a, ki pran plezi nan konpayi nou, ki vle pale avèk nou ak tande vwa nou. Nou dwe wè pi lwen Liv la rive nan Pawòl vivan ki pale nan Liv la. Se sèlman lè sa a devosyon nou va gen siyifikasyon.

Pi lwen paj sakre a/ Mwen chache Ou, Senyè ; / Lespri mwen vle Ou, / O Pawòl vivan !

Kòmman sa kapab fèt ? Men kèk sijesyon :

Konsantrasyon. Paske nou se lòm ki fè anpil bagay pa abitud, nou gen tandans annik ouvè Bib la e li san reflechi

sou sa n'ap li a. Olye ou fè sa, ret dousman e konsantre ou sou sa ou ap li a. Pran Bib ou nan men ou, e reflechi : *Sa a se Pawòl Bondye vivan an ki vle pale avèk mwen. Kisa Li vle di mwen nan moman sa a ?*

Chache. Kòmmanse avèk lapriyè. *Senyè, pale avèk mwen kounye a. Vide limyè Ou sou paj sa yo. Mwen ouvè kè mwen devan Ou. Se pa tout moun ki li Bib la ki tande Bondye. Li Bib la se yon aktivite entèlektyèl ; tande Pawòl Bondye se yon aktivite espiyèl.*

Pale. Si yon zanmi te vin vizite nou, nou ta wè sa dwòl si li te antre epi annik pale pou kenx minit san rete ; apre sa li ta koute nou pandan nou pale pou yon lòt kenx minit. Poutan, peryòd devosyon nou kapab sanble ak sa. Premyèman, nou li Bib la pou yon moman (Jezi ap pale) ; apre sa nou lapriyè pandan Li koute.

Mwen sonje Frè Ebersole ki fenk mouri pa lontan, te bay yon lide kòmman pou fè yon bon lekti. Premyèman, li yon fraz oubyen yon vèsè ; apre sa poze pou reflechi e reponn selon li. *Senyè, kisa Ou vle di mwen la ? . . . Mèsi pou pwomès mèveye Ou . . . Mwen vle obeyi lòd sa a, Senyè . . . Padone mwen paske mwen pa t' fè Ou plezi, Senyè. Avèk gras Ou mwen va korije fason mwen konn abitye viv.*

Apre sa kontinye menm jan ak yon lòt vèsè : li, reflechi, epi reponn. Ale pi lwen paj sakre a pa siyifi nou kite Pawòl la deyè. Men, sa siyifi nou sensèman santi Bib la se Pawòl Bondye vivan an, e nou manke satisfaksyon sen jistan pamwayen Liv sakre a nou rankontre avèk Otè Liv la, Pawòl vivan an. Se pou nou fè eksperyans avèk Pawòl vivan sa a chak jou.

Reyenprime sòti nan Home Horizons
Eastern Mennonite Publications
Itilize avèk pèmision

Sekrè

—J.O

Yonn nan kliyan mwen yo te mande mwen : « Poukisa yon moun ki te touche yon milyon dola ane pase nan travay li ta gate koze fanmi li akòz lekondwit ? Sa lòm genyen konsa ? » Nou t'ap pale konsènan kondisyon sosyete a jodi a. San jije nonm nan, madanm li oubyen mètrès li, nou kapab di petèt touletwa te fè echèk paske nou konprann tandans tout lòm.

Yon mari pa dwe gade yon lòt fanm avèk anvi. Yon madanm gen yon devwa pou fè mari li plezi, e yon fanm pa dwe chache oubyen renmen atire atansyon yon nonm ki pa mari li. Anpil moun pa okipe prensip sa ki soti nan Bib la.

Bondye te kreye lòm avèk dezi fizik pou ede relasyon maryaj la vin pi fò ak pi pwòch. Kèkfwà antanke lòm nou manke janti e amoure avèk madanm nou jan nou dwe ye. Lè nou ofanse youn lòt oubyen si nou fè echèk, nou dwe chache padon ak rekonsilyasyon olye pou nou mete fen nan relasyon nou an. Anpil fwa, si tout lajan, kado, ak atansyon nou depanse pou jwenn favè yon lòt moun ta fèt pou madanm oubyen mari nou pito, anpil nan pwoblèm yo ta jwenn solisyon.

Men ansèyman Jezi : yon sèl gason dwe marye ak yon sèl fi pou tout lavi yo. « Jezi reponn yo: Èske nou pa li sa ki ekri nan Liv la? Nan kòmansman, lè Bondye t'ap fè moun, Li te fè yo gason ak fi. Apre sa Li di: Se poutèt sa, gason an va kite papa l' ak manman l' pou l' mete tèt li ansanm ak madanm li. Yo tou de va fè yon sèl kò. Konsa, yo pa de ankò, men yo fè yon sèl kò. Se poutèt sa, pesonn moun pa gen dwa separe sa Bondye mete ansanm » (Matye 19 : 4-6).

Yon maryaj selon Bib la se yon bèl bagay, kote yon nonm

ak yon fanm pwomèt pou renmen ak cheri youn lòt pou rès lavi yo, e yo pa wè okenn lòt gason oubyen okenn lòt fanm ankò. Satan ap chache detwi travay Bondye, konsa li fè relasyon ak lòt moun sanble atiran. Chemen Bondye se pi bon chemen ; abandone chemen Li se fè esperyans soufrans ak chagren nan lavi sa a epi pinisyon etènèl nan lavi k'ap vini an. Salomon te ekri konsènan yon fanm egare ki t'ap atire yon nonm vin lakay li : « Dlo kay moun toujou pi fre. Manje deyò toujou gen pi bon gou ! » Pwochen vèsè a bay reyalite a. « Men, moun ki pran nan pawòl fanm sa a pa konnen lè yo mete pye lakay li se papyè lanmò yo yo siyen. Depi yo antre lakay li, yo deja mouri » (Pwovèb 9 : 17, 18). Anpil moun panse menm bagay, yo kwè yo ka jwi peche an kachèt epi evite konsekans aksyon yo. Anpil moun mete twòp konfyans nan fè bagay an kachèt.

« Pa gen anyen nan kreyasyon an ki kache devan Li. Men, tout bagay aklè, yo tou ouvè devan je Sila a n'ap gen pou nou rann kont lan » (Ebre 4 : 13). Bondye wè tout bagay. Bondye konnen tout bagay, Li menm konnen panse nou. Pa gen anyen ki kache pou Li ; menm si li fèt an kachèt, nan fènwa, oubyen nan limyè solèy, tout aklè devan Bondye. Anpil fwa Bondye fè mal nou fè yo parèt kanmèm.

Lè nou toujou sonje responsabilite nou devan Bondye, sa va ede nou venk tantasyon. Jozèf se yon bon egzanp nan sa. Li Jenèz 39 epi remake jan li te gen konsyans Bondye ap gade li. Gade detèminasyon li pou fè sa ki dwat menm lè sekrè sanble posib.

Atik sa a soti nan Light of Life, Vol. 30 No. 2
Rod and Staff Publishers, Inc.
Itilize avèk pèmision

Pi Gwo Lapèch La

—Nathan Zook

Te gen yon ansyen predikatè ki te soti nan zòn mwen te grandi a. Touswit apre li te angaje li pou jwe bezbòl ak yon ekip nan Filadèlfi, li te deside pou li swiv Bondye. Pandan li t'ap asiste yon sèvis revèy, li te santi apèl pou li sove. Li te vin mete ajenou e Li te menm pran inifòm li e mete l' devan Senyè a, pou montre li prè pou menm kite bezbòl pou Senyè a. Petèt sa pa ta anyen si mesye a pat' fò nan bezbòl. Men desizyon li pou swiv Senyè a te fèt pandan li

te fò anpil. Li te abandone chans li pou vin popilè e rich pou swiv Senyè a.

Jezi te rele plizyè pechè pwason pou swiv Li apre yo te fin fè pi gran lapèch pwason yo. Anba direksyon Senyè a, Simon ak lòt mesye yo nan kannòt li a te lage filè yo nan fon an. « E, lè yo fè sa, yo sènen yon gwo kantite pwason. Filè yo menm t'ap chire. Konsa, yo fè lòt asosye yo ki te nan lòt kannòt la siy pou yo vin ede yo. Yo vini, epi yo

tèlman plen kannòt yo, tou de te kòmanse ap koule » (Lik 5 : 6, 7).

Lapèch sa a pa t' sèlman yon gwo pwason ki te etone moun. Men se te anpil anpil pwason ! Imajine plezi pechè pwason yo te genyen lè yo t'ap fè manèv pou rive sou rivaj la ! Panse sou istwa yo ta kapab rakonte nan mache a ak gwo kantite lajan yo ta touche nan vann tout pwason sa yo. Yo ta ka achte plis kannòt pou fè komès yo grandi plis toujou ! Malgre tout bagay te sanble ap mache byen pou yo, pechè pwason yo te pran desizyon pou swiv Senyè a. « Lè yo mennen kannòt yo atè, yo kite tout bagay, yo swiv Jezi » (Lik 5 : 11).

Èske ou te janm panse ou poko bezwen vin swiv Senyè a jistan lavi a vin pi difisil ? Petèt bagay yo t'ap mache tèlman byen pou ou, ou pa t' gen tan pou swiv Senyè a. Petèt ou te santi Bondye ap rele ou pou tounen yon misyonè pou ale plante yon legliz nan yon zòn ki poko genyen yon legliz, men ou te vle kite sa pou yon lòt lè. Petèt afè ou ap mache twò byen pou pran tan pou ale fè evanjelizasyon. Petèt ou fenk gradye nan yon bagay ou te etidye tèlman anpil e

kounye a ou santi sa ta yon gaspiyaj diplòm sa a. Si yon lè afè ou p'ap mache byen, ou va pi kontan konsidere akonpli misyon ou a. Petèt ou kwè kounye a ou dwe pase tan avèk fanmi ou e kamarad ou pandan tout moun gen bon sante. Ou pa ta renmen kite fanmi ou oubyen zanmi ou pandan ou anbake nan sèvi Senyè yon lòt kote.

Èske nou pare pou swiv Senyè a menm lè lavi a tèlman ap mache byen pou nou ? Èske nou va dakò abandone yon komès lafanmi k'ap fè bèl pwogrè? Èske nou va vle swiv Senyè a nan pi bèl moman karyè nou olye tann apre nou retirete oubyen apre yo revoke nou ? Èske nou pa kapab non sèlman swiv Senyè a nan pi gwo lapèch nan lavi nou, men tou abandone lapèch la ? Simon ak kolèg li yo te pran desizyon sa a ki te mande anpil kouraj e sakrifis. Tout bagay pa t' pèdi, poutan. Bòs chapant mesye yo te chwazi swiv la te genyen menm yon pi gwo lapèch pou yo. « Epi, Jezi di Simon : Pa pè ! Apati jodi a, se moun w'ap peche » (Lik 5 : 10).

Atik sa a sòti nan Companions, February 12, 2012
Part 2, Vol. 39, No.6
Christian Light Publications, Inc.
Itilize avèk pèmision

Konbyen libète koute ?

—Roger Berry

Anpil nasyon fete libète yo diran mwa lete yo. Premye Jiyè se Jou Kanada, kèk jou apre sa, 4 Jiyè se fèt Etazini. LaFrans obsève Jou Labastiy 14 Jiyè. Meksik ak plizyè peyi nan Lamerik Santral fete liberasyon yo anba men Lespay 15 Septanm.

« Libète » se yon kri komen pami tout nasyon nan lemond. Tristeman, anpil peyi ki te goumen pou libète yo kontinye soufri anba represyon gouvènman, oubyen anba fòs geriya anndan fwontyè yo. Moun fè sakrifis pou jwenn libète anba yon diktatè pou dekouvri yo mare anba yon lòt.

Bib la pale konsènan moun ki va chache lapè, men ki pa jwenn li. « Lè yo va di, 'Lapè ! Sekirite !' ebyen, yon devas ap tonbe sou yo sanzatan, tankou lè tranche pran yon fi ansent. E pèsonn p'ap chape » (1 Tesalonisyen 5 : 3). N'ap viv nan yon jou ki te anonse nan Pawòl Bondye : « Lè nou va tandè lagè ak bri lagè, pa bay kò nou traka. Fòk bagay sa yo rive. Men se p'ap ko lafen an sa. Paske nasyon va leve kont nasyon, wayòm kont wayòm » (Mak 13 : 7, 8). Vre libète se difisil pou kapte nan yon monn peche.

Ou kapab jwenn « sekre » vre libète a nan Pawòl Bondye, Bib la. Poutan, se pa vrèman yon sekre si ou chache li avèk tout kè ou. Jezi te pwomèt, « Ou va konnen verite a, verite a va rann ou lib » (Jan 8 : 32).

Senyè sa a se Lespri a. E kote Lespri Senyè a ye, gen libète la » (2 Korentyen 3 : 17).

Anpil moun imajine yo jwenn vre libète nan imoralite, nan dwòg, nan inyore lalwa, nan viv nan rebelyon. Poutan, yo vin esklav ki pa viv nan lapè.

Bib la di nou lib lè nou soumèt anba lalwa Kris. « Vrèmanvre, nan Jezi Kris, lalwa Lespri lavi a libere mwen anba lalwa peche ak lalwa lanmò a » (Women 8 : 2). Lespri Senyè a libere nou pou jwi pi bon sante fizikman e esprityèlman. Li libere nou anba bagay ki detwi kò ak lespri nou.

Nou pèdi libète nou lè peche (rebelyon kont Bondye) kontwole tèt nou. « Èske nou pa konnen sa ? Kit nou se esklav peche ki mennen lanmò, kit nou se esklav obeyisans ki mennen jistis, lè nou ofri tèt nou tankou esklav k'ap obeyi yon moun, nou se esklav moun n'ap obeyi a ! » (Women 6 : 16).

Lè nou sèvi Jezi Kris epi obeyi Bib la, nou vrèman lib. Kle a se obeyisans pou fè bagay ki dwat la. « E kòm nou libere anba peche, nou vin esklav jistis » (Women 6 : 18).

Ki pri libète ? Vre libète a, libète ki dire a, se pou nou li ye si nou mande pou li. Nou dwe konfese e abandone lesklavaj peche. Apre sa nou va mache nan libète nou jwenn nan obeyi pawòl Jezi Kris.

Atik sa a soti nan Companions, July 8, 2012
Part 2, Vol. 39, No. 11
Christian Light Publications, Inc.
Itilize avèk pèmision